दिन–बुधवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–04.02.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

वाणिज्य आ उद्योग मंत्री पीयूष गोयल कहलनि अछि जे भारत आ अमरीका के मध्य भेल ऐतिहासिक व्यापार समझौता आपसी संबंध के मजगूत करब आ वर्ष दू हजार सैंतालीस धरि विकसित भारत बनेबाक दिशा मे एक महत्वपूर्ण डेग अछि। लोकसभा मे श्री गोयल कहलनि जे एहि समझौता के दरमियान भारत संवेदनशील क्षेत्र, कृषि आ दुग्ध उत्पादन मे अपन हितक रक्षा करबा मे सफल रहल अछि। ओ कहलनि जे दू फरवरी के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ अमरीका के राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप कतेको द्विपक्षीय तथा वैश्विक मुद्दा पर चर्चा कयलनि। केन्द्रीय मंत्री कहलनि जे एहि चर्चा के बाद राष्ट्रपति ट्रंप अमेरीका के होबऽवला भारतीय निर्यात पर शुल्क घटा कऽ अठारह प्रतिशत करबाक घोषणा कयलनि। ओ जनौलनि जे ई दर अमरीका के दिस सँ आन कतेको देश पर लगाओल गेल शुल्क तुलना मे अपेक्षाकृत कम अछि। श्री गोयल कहलनि जे एहि डेग सँ अमेरीकी बाजार मे भारतीय निर्यातक प्रतिस्पर्धा बढ़त।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि अछि जे सात निश्चय–तीन के अंतर्गत उन्नत शिक्षा, उज्ज्वल भविष्यक लक्ष्य के हासिल करबाक लेल हरेक प्रखंड मे डिग्री कॉलेज खोलल जायत। सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री कुमार कहलनि जे एखन दू सय तेरह प्रखंड सभ मे कोनो अंगीभूत अथवा संबद्ध डिग्री कॉलेज नहि अछि। ओ एहि सभ प्रखंड मे एहि वर्ष जुलाई मास धरि डिग्री कॉलेज खोलबाक आ पढ़ाई शुरू करबाक निर्देश देलनि अछि। मुख्यमंत्री कहलनि जे राज्यक पुरान आ प्रतिष्ठित शिक्षण संस्थान सभ के सेंटर ऑफ एक्सीलेंस के रूप मे विकसित करबाक सेहो निर्णय कयल गेल अछि। एकर अंतर्गत कुल पचपन संस्थान के चयनित कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे सभ प्रखंड मे डिग्री कॉलेजक स्थापना सँ लड़की सभ के शिक्षा मे विशेष सुविधा भेटत। संगहि शिक्षण संस्थान सभ के सेंटर ऑफ एक्सीलेंस के रूप मे विकसित कयल जयबा सँ युवा लोकनि के रोजगारपरक शिक्षा लेबा मे सुविधा होयत आ एहि संस्थान सभक प्रतिष्ठा सेहो पुनर्स्थापित होयत।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पटना मेडिकल कॉलेज अस्पतालक पुनर्विकास काज के तेजी सँ पूरा करबाक निर्देश देलनि अछि। श्री कुमार आइ पीएमसीएच मे जा कऽ निर्माण काजक निरीक्षण कयलनि आ अधिकारी लोकनि के आवश्यक दिशा–निर्देश सेहो देलनि। एहि दरमियान मुख्यमंत्री मरीज सभ के उपलब्ध कराओल जा रहल सुविधा सभक सेहो समीक्षा कयलनि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी लोक सभ सँ शुक्र दिन परीक्षा पे चर्चा कार्यक्रम के देखबाक आग्रह कयलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे प्रधानमंत्री कहलनि जे युवा लोकनिक संग गपशप करब ऊर्जापूर्ण रहल। ओ परीक्षार्थी लोकनि सँ चिन्ता मुक्त भऽकऽ परीक्षा देबाक, चुनौती सँ निबटबाक लेल व्यावहारिक माध्यम अपनेबाक, सामांजस्य स्थापित करबाक आ आत्मविश्वास बढ़ेबा पर जोर देलनि।

———————————————————————————

बिहार पुलिस कहलक अछि जे पटना मे नीट के तैयारी कऽ रहल छात्रा के संदिग्ध परिस्थिति मे भेल मृत्युक मामिला मे मृतका के संग यौन हिंसा सँ इनकार नहि कयल जा सकैत अछि। आइ पटना मे संवाददाता सम्मेलन मे पटना सचिवालय के एसडीपीओ अनु कुमारी जनौलनि जे अनुसंधान के दरमियान अस्पताल सँ लामा रिपोर्ट जब्त कयल गेल अछि। जकरा केस डायरी के हिस्सा बनाओल गेल अछि।

———————————————————————————

केन्द्रीय शिक्षक पात्रता परीक्षा– सीटीईटी दू चरण मे आयोजित कयल जायत। केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड सीबीएसई जनौलक जे पहिने ई परीक्षा एकहि दिन लेल जयबाक छल मुदा परीक्षार्थी लोकनिक संख्या बेसी हेबाक कारण एकरा दू दिन आयोजित करबाक निर्णय लेल गेल अछि। परीक्षा सात आ आठ फरवरी के आयोजित कयल जायत।

———————————————————————————

प्रदेश मे मौसम मे एक बेर फेरो परिवर्तन देखल जा रहल अछि। आइ भोरे मधुबनी, पूर्वी आ पश्चिमी चंपारण तथा गोपालगंज सहित दस जिला मे घनगर कुहेस लागल रहल। गयाजी मे सभ सँ कम न्यूनतम दृश्यता सय मीटर दर्ज कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला दू सँ तीन दिन मे प्रदेशक बेसीतर भाग मे उच्चतम आ न्यूनतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस के कमी आबि सकैत अछि। एम्हर पछिला चौबीस घंटा के अंतर्गत नओ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमान के संग भागलपुर के सबौर राज्यक सभ सँ ठंडा स्थान रहल।

---

पूर्वी चंपारण जिलाक हरसिद्धि जागपाकड़ गाम सँ एसटीएफ आ डीआईओ के टीम बीस हजार टाका के ईनामी डकैत मिथुन राम के गिरफ्तार कऽ लेलक अछि। ओ कतेको दिन सँ फरार चलि रहल छल।

खगड़िया जिलाक चित्रगुप्त नगर थाना पुलिस डीआईयू आ पटना एसटीएफक जिलाक पचास हजार टाकाक ईनामी अपराधी दिलखुश कुमार के भागलपुर जिलाक सुल्तानगंज थाना क्षेत्र सँ गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार अपराधी पर हत्या आर्म्स एक्ट आ रंगदारी के कतेको मामिला दर्ज अछि।

सहरसा व्यावहार न्यायलय आर्म्स एक्ट मामिलाक दोषी हरिओम कुमार के विभिन्न कानूनी धारा के अंतर्गत छओ वर्षक कारावास आ दू हजार टाका अर्थदंडक सजा सुनौलक अछि।

पूर्णियां कोर्ट सँ हटिया जायवला कोसी एक्सप्रेस के परिचालन पांच फरवरी सँ एकतीस मार्च धरि बख्तियारपुर, राजगीर, तिलैया आ कोडरमा के रास्ते कयल जायत। पूर्व मध्य रेलवे कहलक अछि जे तकनीकी कारण सँ ट्रेनक परिचालन दोसर रूट सँ कयल जा रहल अछि।

---

समाप्त